# Әмиўдәрья



1-2018

# Ámiwdárya

# М А З М У Н Ы

## ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ БИРИНШИ ПРЕЗИДЕНТИ ИСЛАМ ӘБДИҒӘНИЕВИЧ КӘРИМОВТЫҢ ТУЎЫЛҒАНЫНА 80 ЖЫЛ

Үббинияз ӘШИРБЕКОВ. Әдалатлы Елбасшы, көреген инсан, уллы тулға.....3

## ПРОЗА

Юсупбай ӘЛИМБЕТОВ. Палўаш пәкене. *Повесть*........................................28
Жийенбай МОЯНОВ. Палўанлар атасы. *(Ҳүжжетли қысса)*......................51

## ПОЭЗИЯ

Халила ДӘЎЛЕТНАЗАРОВ. Дүньядағы ең таза жер. *Қосықлар*..................68

## ӘДЕБИЯТ ҲӘМ ИЛИМ

Ҳүсниддин ХАМИДОВ. Бердақ шығармаларының тили мәселеси ҳәм Бердақтың монологи.................81
Пердебай НУРЖАНОВ. Ақылы кәмил, илими зор алым.........................84

## НӘЎҚЫРАН

Туяна ЕРЕЖЕПОВ. *Қосықлар*...................93
Айдос МУХАММЕДИЯРОВ. *Қосықлар*....95
Саҳибжамал СЫРҒАБАЕВА. *Қосықлар*.....98

## ЭСКИЗЛЕР

Муҳаммед ХОШАН. Гейпара ой-пикирлерге эскизлер............101

## ҚАБУСНАМА

Унсурулмаолий Кәйкаўыстың «Қабуснама» шығармасы ҳаққында................112
Кәйкаўыстың нәсиятнамасы.....125

## КИШКЕНТАЙ

Жырғаўлар.........................................127

Бердақ атындағы Қарақалпақ
Мәмлекетлик Университетиниң
Газета-журналлар оқыў залы

ӘМИЎДӘРЬЯ ЖУРНАЛЫ
2018-жыл, № 1

Индекс 930, 931

**Қарақалпақстан Республикасы Баспасөз ҳәм хабар агентлиги тәрепинен 2007-жыл, 12-февральда дизимге алынды. Гүўалық №01-039.**

**Нәўбетши редактор:**
**Н.Төрешова**
**Тех.редактор, корректор:**
**Г.Дәўлетназарова**
**Компьютерде бетлеген:**
**З.Оразбаева**

**Редакция мәнзили:**

230100. Қарақалпақстан, Нөкис. Н.Сараев көшеси, №1жай. Телефонлар: (0361) 222-89-58. 222-71-36.
Сайт: www.amudarya-jurnal.uz
Email:amudaryajurnal @umail.uz

Териўге берилди: 05.01.2018. Басыўға руқсат етилди: 09.02.2018. Пишими: 70х108$^{1}/_{16}$, Көлеми: 8 баспа табақ;11,2 шәртли баспа табақ; 12 есап баспа табақ. Нусқасы: 2566.
Буйыртпа: 14. Баҳасы шәртнама тийкарында. "Әмиўдәрья" журналы компьютеринде терилди ҳәм «Нөкис полиграфкомбинаты» жуўапкершилиги шекленген жәмийетинде офсет усылында басылды.
230100. Қарақалпақстан, Нөкис. Қарақалпақстан көшеси, 9-жай.

Шығармалардағы турмыс шынлығына авторлар жуўапкер, олардың пикири редакцияның пикири болып есапланбайды. Көркем аўдармалар тек редакция буйыртпасы бойынша қабылланады. Журналдың басылыў сапасына "Нөкис полиграфкомбинаты" жуўапкершилиги шекленген жәмийети, өз оқыўшыларына жеткерилиўине "Өзбекистан почтасы" Қарақалпақ филиалы ААЖ, "Матбуот тарқатыўшы" ҳәм "Жаңалық тарқатыўшы" кәрханалары жуўапкер.

© "Әмиўдәрья журналы", 2018-жыл.

**Пердебай НУРЖАНОВ**
*Бердақ атындағы ҚМУ доценти,*
*филология илимлериниң кандидаты*

# АҚЫЛЫ КӘМИЛ, ИЛИМИ ЗОР АЛЫМ



Ҳәр бир инсан өмирде өз орнын табыўға умтылады. Биреўлер буған көп қыйланбай-ақ ериседи. Оларды әпиўайы халық тилинде жолы болған адамлар деседи, екинши биреўлер алға қойған мақсетине көп машақатлар шегип, көп қыйыншылықларды жеңип өтиў арқалы жетиседи. Мақаламыз қаҳарманын екинши топардағы адамлар қатарына жатқарсақ болады. Ол Нөкис қаласының арқа-шығысындағы «Қос көл» деп аталатуғын елатта туратуғын бир әпиўайы адам. Саррас 40 жыл даўамында Қарақалпақ мәмлекетлик университетинде хызмет етеди. Қайыңнан келген, сары сынлы бул инсан тәлим-тәрбия иси ҳәм илим менен шуғылланыўды теңнен алып барыўдай машақатлы ўазыйпаны ҳармай-талмай атқарып келмекте. 70 жасқа қәдем басқан ол қарақалпақ әдебияттаныў илими менен жоқары билимлендириў тарийхында белгили орны бар қәниге, педагог, көрнекли әдебиятшы-алым, филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери Қурбанбай аға Жәримбетов болып табылады. Биз мақаламыз қаҳарманының жасларға өрнек илимий ҳәм педагогикалық хызмети, илимге болған пидайылығы туўралы сөз етиўди мақул көрдик.

Ол 1970-жылы Нөкис мәмлекетлик педогогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин питкерип, Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтына илимий хызметкер болып орналасады. Оның айтыўы бойынша, сол ўақытларда Өзбекистан Илимлер академиясының вице-президенти болып ислеп атырған академик М.Нурмухаммедовтың 1974-жылы институтқа ис бабында келиўи, институт хызметкерлери менен сәўбет өткериўи ҳәм басқалар қатары болажақ илимпазға да баҳалы мәсләҳәтлер бериўи оның өмиринде елеўли ўақыя болады, илим бағдарында белгили бир жуўмаққа келиўине жәрдем береди. Көп узамай-ақ ол Өзбекистан Илимлер академиясы Әлийшер Наўайы атындағы әдебият музейине (соңынан Ҳ.Сулайман атындағы қолжазбалар институты) аспирант болып қабылланады ҳәм оған академик М.Нурмухаммедовтың тиккелей көрсетпеси менен «1941-45 жыллардағы қарақалпақ совет поэзиясы. Идеялық-тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлери» деген темадағы кандидатлық диссертация жумысын тапсырады. Бул жумыстың жоқары сапада жазып питкерилиўи ҳәм Ә.Наўайы атындағы Тил ҳәм әдебият институтында 1985-жылы табыслы түрде жақланыўы, оның монография болып жарық көриўи (1982) қарақалпақ поэзиясын изертлеўге қосылған үлкен үлес болды. Шынында да, белгили әдебиятшы-алымның бул жумысы қарақалпақ поэзиясын изертлеўде өзиниң әҳмийетли орнына ийе. Буған дейин 1942-1945-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы арнаўлы түрде изертленилмеген, тек ғана гейпара

илимпазлар ғана бул дәўир әдебияты туўралы айырым пикирлерин билдирген еди. Ал Қ.Жәримбетов болса бул дәўир поэзиясының идеялық-тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлерин, онда қаҳарманлық теманың, қаҳарманлық пафостың, қаҳарманлық образлардың баслы орын ийелеўининң себеплерин кең түрде илимий таллаўлар арқалы ашып берди. Илимде қолға киргизилген баҳалы мағлыўматлардан изертлеў барысында, студент-жасларды оқытыўда пайдаланыў тәжирийбесин мудамы жетилистирип барды. Өйткени ол көп жыллар даўамында Рус тили ҳәм әдебияты факультетинде, филология факультетинде тәлим алыўшыларға «Шет ел әдебияты», «Әдебият теориясы», «Әдебияттаныўға кириспе», «Ҳәзирги әдебий процесс», магистрантларға «Илимий изертлеўдиң методикасы», «Драма теориясы» ҳәм тағы басқа пәнлерден сабақ бере отырып, бул пәнлер бойынша бағдарламалар таярлады, лекциялар оқыды, оқыў қолланба ҳәм сабақлықлар жазды, аўдармалар иследи.

Ол усының менен бирге бакалавр, магистрант ҳәм докторантларға илимий басшы болды. Оның илимий басшылығында 100 ден аслам бакалавр жумысы, 20 дан аслам магистрлик диссертациясы жақланды. Сондай-ақ 4 шәкирти кандидатлық, 3 шәкирти докторлық диссертацияларын жақлады. Және 3 шәкирти докторлық диссертацияларын жақлаў алдында турыпты.

Қ.Жәримбетовтың лекция сабағында студентлер тыянақлы илимий-теориялық билимлерди алыў менен бирге, семинар ҳәм әмелий сабақларды терең өзлестириўге жәрдем беретуғын ол жазған оқыў қолланбаларына да ийе болды. Мәселен, атақлы рус алымы Н.А.Кунның «Әййемги Грецияның мифлери ҳәм легендалары» китабын қарақалпақ тилине сапалы түрде аўдарды ҳәм 30 баспа табақ көлеминде бастырып шығарды (1990). Дүнья әдебиятында кең тарқалған бул китапты қарақалпақ китапқумарлары өз ана тилинде оқыў мүмкиншилигине ийе болды. Түсинген адамға бул аз нәрсе емес. Көлемине қарасаң «көпшиктей» келетуғын бул китапты қарақалпақ тилине аўдарған Қурбанбай ағаның мийнеткешлигине, пидайылығына, қайсарлығына, шыдамлылығына ҳәм эрудициясына таң қаласаң. Оны аўдарыў әпиўайы жумыслардан емес, буған тек мийнеткешлик азлық етеди. Бунық ушын үлкен жазыўшылық уқып, антик дүнья тарийхын, мәдениятын, әдебиятын, көркем аўдарма теориясын ҳәм әмелиятын терең билиў талап етиледи. Сонлықтан да бул китапты аўдарыўға ҳәр ким жүрексине бермеген. Мағлыўмат ушын еслеп өтсек болады, грек мифлериниң аўдармасы Орта Азия халықлары әдебиятында қарақалпақ тилине биринши болып Қ.Жәримбетов тәрепинен аўдарылған. Усы көзқарастан Өзбекистан Мәмлекетлик университети журналистика кафедрасының сол жыллардағы баслығы, профессор Файзулла Муминовтың бул аўдармаға жоқары баҳа бергенлиги дыққатқа ылайық.

Оның «Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги» (С.Ахметов, Ж.Есеновлар менен биргеликте, 1994) деп аталған мийнети әдебияттың теориялық мәселелерин үйрениўши улыўма билим бериў мектеплери муғаллимлери, оқыўшылары, лицей-колледж оқытыўшылары, жоқары оқыў орны оқытыўшылары, талабалары, магистрантлары, докторантлары, улыўма илим менен шуғылланыўшылар ушын таптырмайтуғын қолланба болды.

Қ.Жәримбетовтың әдебият теоретиги сыпатындағы хызметинен дәрек бериўши және бир мийнети «Әдебияттаныўдан сабақлар» [12] деп аталады. Бул мийнет өзинен бурын жазылған С.Ахметовтың «Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги» [1], С.Ахметов, Қ.Султановлардың «Әдебияттаныў» [2], К.Мәмбетовтың «Әдебият теориясы» [13] мийнетлеринен өзиниң ықшамлығы, теориялық пикирлериниң тереңлиги, баянлаў стилиниң әпиўайылылығы менен ажыралып турады. Көркем текстти анализлеўде, әдебий түр ҳәм жанрларды, әдебий категорияларды, әдебий процесстиң жәмийетлик турмыс пенен байланысын, көркем дөретиўшиликтиң эстетикалық дәреклерин, әдебияттың өзине тән раўажланыў нызамлылықларын талабалар, магистрантлар, докторантлар ҳәм илимий изертлеўшилерге түсиндириўде,

оқытыўда бул мийнет үлкен әҳмийетке ийе. Бул китап ҳәзир ҳәмме излеп оқыйтуғын қолланбаға айланды.

Докторлық диссертациясы «XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» [11] деп аталып, бул фундаменталь жумыс қарақалпақ әдебияттаныў илиминде еле жетерли ашылмаған мәселеге-қарақалпақ классикалық лирикасының жанр сыпатында пайда болыў ҳәм қәлиплесиўин, оның поэтикалық өзгешелигин Әййемги Орхон-Енисей жазба естеликлеринен баслап, тап XX әсирге шекемги басып өткен жолларын тарийхый-теориялық аспектте изертлеўге арналған. Бул жумыс тийкарында басылып шыққан автор монографиясы (2004) әдебияттаныў илимине қосылған үлкен үлес болды. Автордың алға қойған мақсетинен келип шыға отырып мийнеттиң композициялық қурылысы дүзилген. Биринши бапта XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының миллий-көркемлик сағалары ҳәм қарақалпақ лирикасын жанрлық таллаўдың теориялық мәселелери, ерте дәўирдеги қарақалпақ жырларының лирикалық қәсийетлери туўралы кең түрде сөз болады. Сондай-ақ бул бапта толғаўлардың лирикалық қәсийетлериниң өзине тәнлигин, қарақалпақ терме-толғаўлары менен нақыл-мақалларының XIX әсирдеги дидактикалық лириканың миллий сағалары екенлигин исенимли түрде дәлиллейди.

Монографияның «XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасы ҳәм оның миллий-көркемлик, тарийхый раўажланыў өзгешеликлери» деп аталған II бабында халықтың сиясий-экономикалық, тарийхый-социаллық жағдайларының, Хорезм регионындағы әдебий орталықтың, айырым фольклорлық жанрлардың поэтикалық қурамындағы лирикалық қәсийетлердиң XIX әсир қарақалпақ лирикасының туўылыўы ҳәм қәлиплесиўиндеги тутқан орны ҳәм тағы басқа да әҳмийетли мәселелер бойынша автордың илимий-теориялық жуўмақ ҳәм пикирлери ортаға тасланған. Әсиресе автордын қаҳарманлық ҳәм лиро-эпикалық дәстанлардың миллий лирикамыздың идеялық-тематикалық, көркемлик жақтан өсип-өркенлеўиндеги әҳмийети ҳаққындағы улыўмаластырыўшы пикирлери бул әдебий түрдиң ишки жанрларын буннан былай да тереңирек изертлеўшилер ушын теориялық тийкар болатуғынлығы анық. Монографияның «XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының жанрлық өзгешеликлери ҳәм классификациялары» деп аталған III бабы да илимпаздың лирикамызды изертлеўге қосқан үлкен үлесиниң, тынымсыз мийнетиниң, жоқары илимий-теориялық таярлығының, кең эрудициясының жемиси нәтийжесинде жүзеге келген. Монографияның «Қарақалпақ классик лирикасының поэтикалық формасы бойынша жиклениўи» деп аталған IV бабында автор Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳәм тағы басқалардың лирикалық шығармаларының поэтикалық қәсийетлерине, жанрлық жиклениўлерине ҳәм тағы басқа мәселелерге баслы дыққат қаратқан.

Ғәрезсизликке шекемги дәўирде әдебияттаныў илиминде көркем шығарманы көбинесе идеялық-тематикалық аспектте, үстем идеология талаплары тийкарында анализлеў дәстүри үстин еди. Усындай жағдайларға байланыслы айырым әдебиятшы-алымлардың мийнетлеринде XIX әсир қарақалпақ лирикасын изертлеўлердиң тарийхый принциплери есапқа алынбай бир тәреплемеликке жол қойылды. Изертлеўши Қ.Жәримбетов бундай методологиялык кемшиликти дурыс аңлап, изертлеў жумысында XIX әсир қарақалпақ лирикасы, улыўма қарақалпақ әдебияты туўралы тарийхый ҳәм көркем-эстетикалық пикирлерди илимий тийкарлап бере алды. Усы көзқарастан автордың Әжинияз шайырдың муҳаббат лирикасындағы ым-ишараға, символлық ямаса астарлы сүўретлеўге қурылған айырым образлардың, мотивлердиң философиялық, эстетикалық негизлери ҳаққындағы пикирлери, илимий жуўмақлары, концептуал ойлары дыққатқа ылайық. Автор сондай-ақ бул мийнетинде XIX әсир қарақалпақ поэзиясындағы кызықлы жанрлық көринислердиң бири болған

лирикалық поэманың өзине тән өзгешелигин Әжинияздың «Бозатаў», Өтештиң «Өтти дүньядан» шығармаларын таллаў арқалы дәлиллейди. Автор айырым әдебиятшы-алымлардың бул бағдардағы изертлеўлериндеги терминологиялық шатаслықларға анықлық киргизип, аты аталған шығармаларды «Лирикалық поэмалар» деп атаўдың мақсетке муўапықлығын тийкарлап берген.

Монография соңында автор лириканың баслы жанрлық белгилери XIX әсир қарақалпақ шайырларының қосықларында толығырақ көринетуғынлығын дәлиллеп, бул нәрсе XIX әсир қарақалпақ лирикасының улыўма дүнья әдебиятының баслы жанрлық, идеялық хәм көркемлик дәстүрлерине байланыса алғанын, оның кишкене бир қурам бөлегине айлана алғанын көрсетеди, деген салмақлы илимий-теориялық жуўмаққа келгени жумыстың теориялық дәрежесиниң жоқарылығынан дәрек береди.

Демек, әдебиятшының бул мийнети қарақалпақ лирикасының жанр сыпатында туўылыўын, қәлиплесиўин, оның тарийхый, көркемлик, идеялық дәреклерин, басқа әдебиятлар менен генетикалық хәм типологиялық байланысларын ашыўда үлкен әхмийетке ийе.

Автордың XIX әсир қарақалпақ лирикасын мазмуны хәм поэтикалық формасы бойынша жанрлық жиклеўлери пуқта хәм терең изертлеўлерден хәм бақлаўлардан кейин ғана әмелге асырылды. Бул бойынша алынған нәтийжелер, исенимли жуўмақлар бул монографияны илимий жақтан күтә қунлы мийнет дәрежесине көтерди. Хәзирги ўақытта бул мийнетти әдебият сыншылары, илимий изертлеўшилер, мектеп, лицей, колледж муғаллимлери, талабалар менен магистрантлар, улыўма әдебият ықласбентлери қолдан түсирмей пайдаланатуғын қолланба китабына айланып кетти. Мениң аңлаўым бойынша, усы монографияны автор қайта көрип шығып, толықтырып, екинши рет баспадан шығарса, илимге де, әмелиятқа да керекли хәм мақул ис болар еди. Әзербайжанлы әдебиятшы илимпаз, Баку Славян университетиниң профессоры Низамий Мамедов Нөкиске келгенинде Қ.Жәримбетовтың жоқарыдағы монографиясынан оқыў жумысларында хәм «Қарақалпақ әдебияты» оқыў қолланбасын жазғанда (2007-жылы рус тилинде, 2015-жылы әзербайжан тилинде шыққан) өнимли пайдаланғанлығын айтқан еди.

Соны айтыўымыз керек, ғәрезсизлик дәўирине шекем XIX әсир қарақалпақ лирикасы көбинесе идеялық-тематикалық аспектте изертленип келген еди. Ал оның жанрлық тәбиятын, поэтикасын, мазмун хәм форма саласындағы өзгешеликлерин изертлеў дәўир талабынан туўған ўазыйпа еди. Кең эрудицияға, илимий интуиция хәм терең теориялық билимге ийе алым бул ўазыйпаны ағла дәрежеде орынлады. Сонлықтан да әдебиятшы-алымның докторлық жумысының илим майданындағы салмағы илимий жәмийетшилик тәрепинен әлле қашан мойынланып үлгерди. Мен буған Бердақ атындағы ҚМУ жанындағы қәнигелестирилген Кеңесте оның докторлық жумысының қорғалыў мәресиминде қатнасқанымда исеним пайда еттим. Мәселен, Ташкент қаласынан келип диссертантқа өз пикир-усынысларын билдирген белгили өзбек әдебиятшы-алымларынан филология илимлериниң докторлары Нәсимхан Рахманов, Бахадыр Кәримовлер, қарақалпақстанлы әдебиятшы-алымлардан академик Хүсниддин Хамидов, филология илимлериниң докторлары Кәримбай Қурамбаев, Кеңесбай Алламбергенов хәм тағы басқалар жақланып атырған диссертацияның илимий-теориялық, әмелий әхмийетине жоқары баха берди. Буннан соң баспа сөзде филология илимлериниң докторы, профессор Қ.Оразымбетовтың «...Алма түсе бермес хәр бир геллеге» деген мақаласында Қ.Жәримбетовтың илимий хәм педагогикалық искерлигине, адамгершилик пазыйлетлерине жоқары баха берилди. Сондай-ақ басқа алымлардың әдебий-сынлық мақалаларында, мийнетлеринде оның монографиясы хаққында дыққатқа ылайық пикирлер айтылды. Бунның үстине поэзия бойынша жақлаўға таярланып атырған кандидатлық хәм докторлық диссертацияларда Қ.Жәримбетовтың мийнетлерине силтемелер бериледи, ондағы илимий концептуал

пикирлерге сүйенип изертлеўшилер өз пикирлерин раўажландырады. Лириканы, лиро-эпикалык поэзияны изертлеўди нийет еткен хәр бир изертлеўши бул қунлы жумыстың илимий-теориялық жуўмағына сүйенеди, усы арқалы өз пикирлериниң, илимий концепцияларының дурыслығын тастыйықлайды. Бунын өзи усы китапқа берилген үлкен баҳа емес пе?

Ол тек өзине бекитилген шәкиртлери менен ғана ислесип қоймастан ал, қарақалпақ әдебиятының хәр қыйлы мәселелери бойынша шуғылланыўшы кәсиплеслеринен де өзиниң жәрдемин аямайтуғын кеңпейил характерге ийе адам. Мәселен, ғәрезсизлик дәўиринде Бердақ атындағы ҚМУ жанындағы филология илимлери бойынша кәнигелестирилген Кеңесте әдебияттаныў бойынша 30 дан аслам кандидатлық хәм докторлық диссертациялар жақланған болса, олардың барлығында дерлик Қ.Жәримбетовтың үлкен үлеси бар екенлигин айтыўымыз керек. Өйткени усы Илимий Кеңестиң хаткери, ағзасы, университет жанындағы әдебияттаныў бойынша илимий семинар баслығы болып ислеў арқалы кәсиплеслериниң кандидатлық хәм докторлық диссертацияларын қол жазба ўақтынан баслап оқып, қәтелерин дүзетип, оларды илим талабына сай жетилистирип, қорғаўға алып шығыў барысында өз жәрдемин аямады. Бул нәрсе оның мийнеткешлигинен, ең баслысы кең пейиллигинен, илимде пидайылығынан дәрек береди. Негизинде бундай адамгершилик пазыйлет хәмме илимпазларға да тән емес. Өйткени, басқаның жумысы деп көзиниң майын тамызып жумыс ислемек түўе, арқайынлыққа берилип, өз илимий мийнетлерин таслап қойған кәсиплеслеримиз де баршылық.

Мақаламыз қаҳарманы еле толық писип жетилмеген, қам, шала жумыслар жөнинде өзиниң әдебий-сын пикирлерин ўақтында айтыўдан тартынбайды. Бунда оған жоқары мәдениятлылық пенен пикирлеў, принципиаллылық тән. Нәтийжеде өз үстинде ислеўди мақул деп тапқан хәр бир излениўши оның мәсләҳәтлерине сүйенип ис етиўдиң абзаллығын түсинип жетеди. Демек, Қ. Жәримбетовтың илимий жумыстың сапасын арттырыўға қаратылған ис-хәрекетлери оның кәсиплеслери хәм шәкиртлери тәрепинен әдил баҳасын алмақта деген сөз.

Алымның принципиаллығы тек шәкиртлери менен кәсиплеслериниң илимий жумысларын баҳалаў хәм оларға пикир усыныслар, мәсләҳәт бериўлеринде ғана емес, ал оның хәзирги әдебий процесске, әдебияттаныў илими мийнетлерине бағышлап жазған мақалаларында, рецензияларында, сәўбетлеринде де көзге тасланады. Мысалы оның «Сынасаң сынып кетежақ» [5] мақаласы ғәрезсизлик дәўириндеги әдебий сында полемикалық руўхтың күшейиўине, пикирлер кесиспесиниң пайда болыўына түртки болды. Бул мийнетте әдебияттаныўдағы гейпара мийнетлерде илимий принципке әмел қылынбайтуғынлығы, сонлықтан олардың авторларының илимий ойлаўының, пикирлеў усылларының заман талабынан артта қалып атырғанлығы ҳаққында ашық-айдын айтылады. Сонлықтан бул мақала көпшиликтиң излеп жүрип оқыйтуғын мийнетине айланды десек, асыра силтеўшилик болмас. Автор қәлемине тийисли буннан басқа «Отлы жүректен отлы сөз» [7], «Зийўар шайыр көкнарды жырлаған ба?» [7], «Дәстан, тарийх, драма» [8] хәм усы қусаған мақалаларындағы итибарлы пикирлер, әдебий-сынлық ойлар ғәрезсизлик дәўириндеги әдебий сынымызда тартыслы пикирлердиң қәлиплесиўине хәм буннан былай да раўажланыўына түртки болғанлығы көпшилик тәрепинен әлле қашан-ақ мойынланды. Ал, автордың «Қараөзекке қайтпағаның жақсы болған екен» [9] деген мақаласы оның публицист сыпатындағы талантының өзине тәнлигинен дәрек береди.

Усы жерде айта кететуғын төмендегидей бир принципиаль мәселе бар: Қ.Жәримбетов өз илимий хызметинде бир мақсетке бағдарланғанлық деген принципти өмир бойы тутып хәрекет етип келгенлигин абайлаўға болады. Мәселен ол өзи сезген, билген, изертлениўин күтип турған илимий мәселе туўралы дәслеп мақала жазады ямаса конференцияларда, семинарларда баянат ислейди, усы арқалы көтерилген

проблеманың актуаллығына исеним пайда етеди. Усыннан соң ғана бул проблеманы диссертациялық жумыс ретинде изертлеўге ылайық деп шәкиртлерине усынады.

Әдебиятшы-алымның илимий искерлигине тән биз көрсеткен принципке оның әмел қылыўын төмендеги фактлер көрсетеди. Оның авторлығында «Ҳәзирги көркем әдебиятта Прометей ҳаққындағы миф» [4] деген мақаласы басылып шығады. Мақала ҳәммеде қызығыўшылық оятады. Өйткени адам баласының ийгилиги ушын әкеси қудай Зевстиң қәҳәринен қорықпай от урлап, оны адамларға әкелип бергенлиги себепли Прометей әкеси тәрепинен таў жырасына шынжырланып бәнт етилген. Мифтеги бул образдың дүнья әдебиятында, соның ишинде қарақалпақ әдебиятында сәўлелениў өзгешеликлери ҳаққында мақаладағы автордың қызықлы ой-пикирлери көпшиликтиң дыққатына миясар болған еди. Мақалада көтерген мәселени кең көлемде шешиўди устаз өзиниң шәкирти Ә.Ҳәмидоваға тапсырады. Ол «И.Юсупов дөретиўшилиги ҳәм Европа әдебияты» деген темада кандидатлық диссертациясын Қ.Жәримбетовтың илимий басшылығында табыслы жақлап шығады (1999-жылы). Бул жумыста И.Юсупов дөретиўшилигиниң грек, рим, улыўма Европа әдебияты менен өз-ара байланысы, өз-ара тәсири мәселеси пукта ашылған. Әсиресе И.Юсупов дөретиўшилигине енисип кеткен Европа әдебиятына тән образлар, мифлер, детальлар ҳәм жанрлардың хызмети туўралы устаз-әдебиятшының шәкирти Ә.Ҳамидова диссертациясында айтылған пикирлер әдебияттаныў илими ушын жаңалық болды. Миф пенен әпсананың әдебиятымыздағы орнының гиреўли екенлигин есапқа алған устаз-әдебиятшы және бир шәкирти Т.Керүеновқа «XIX әсир қарақалпақ поэзиясында миф ҳәм әпсаналардың қолланылыўы» деген теманы докторлық диссертация проблемасы сыпатында усынады. Бул диссертация да диссертанттың тынымсыз изленислери, илимий басшының дурыс бағдар бериўи нәтийжесинде 2017-жылы табыслы жақланады. Диссертацияның тийкарғы мазмуны монография болып басылып шыққан еди (2013-жыл).

Қ.Жәримбетовтың XIX әсир қарақалпақ классикалық әдебиятына итибары айрықша болды. Ол усы бағдарда докторлық диссертациясынан басқа бир қанша мақалалар ҳәм «Бердақ нәсиятлары-руўхый ғәзийнемиз» (1998) деген брошюраны бастырып шығарады. Бул брошюра тек Бердақ дөретиўшилигиндеги ғана емес, пүткил XIX әсир қарақалпақ әдебиятындағы ақыл-нәсият лирикасын арнаўлы изертлеўдиң зәрүрлигин көрсетип берди. Сонлықтан устаз өзиниң және бир шәкирти Қ.Турдыбаевқа бул проблеманы кандидатлық диссертация проблемасы сыпатында усынады. Нәтийжеде «XIX әсир қарақалпақ классик әдебиятында дидактикалық лириканың туўылыўы, жанрлық өзгешелиги, дәреклери, көркемлик қәсийетлери» деген бағдарда Қ.Турдыбаев диссертацияны табыслы түрде жақлап шықты (2005-жылы). Және бир шәкирти Г.Тоқымбетова Бердақ дөретиўшилигиниң индвидуал өзине тәнлиги проблемасын изертлеўге арналған диссертациясын жазып питкерди. Демек XIX әсир қарақалпақ классик поэзиясын изертлеў бойынша устаз-әдебиятшының салған жолы оның кәсиплеслери, шәкиртлери тәрепинен табыслы түрде даўам еттирилмекте.

Ағамыздың илимий қызығыўшылығының шегаралары кең, көп тармақлы. Мысалы ол тек XIX ҳәм XX әсир қарақалпақ поэзиясы мәселелерин изертлеў менен ғана шекленип қалмастан, XX әсир прозасы, әсиресе ҳәр бир миллет әдебиятының раўажланыў дәрежеси белгиси деп тән алынған роман жанры менен де шуғылланыўға ўақыт таба алды. Усы көзқарастан «Әмиўдәрья» журналының 1988-жылдағы №7 санында «Турмыс шынлығынан көркем ҳақыйқатлыққа» деген мақаланы жәриялаўы дыққатқа ылайық. Онда 1987-жылда жәрияланған қарақалпақ романлары талқыға тартылған еди. Сол жылғы романлық шығармалардың өзине жараса жетискенлиги ҳәм кемшиликлерин изертлеў барысында автор роман жанрын тереңирек изертлеўдиң мақсетке муўапықлығы ҳаққында жуўмаққа келген болса керек. Бул бағдарда устаз-

әдебиятшы шәкиртлеринен 1970-1980-жыллардағы, сондай-ақ ғәрезсизлик дәўириндеги романшылықты арнаўлы изертлеў объекти темалары сыпатында бекитиўлерин, олардан өз темалары үстинде хеш тынбастан жумыс жүргизиўлерин талап етти. Бул нәрсениң дурыс екенлигин илимий әмелият дәлиллеп берди: ол бир қанша шәкиртлерин 1970-80-жыллардағы, сондай-ақ ғәрезсизлик дәўири романшылығын изертлеўге тартады. Мәселен шәкирти Н.Орынбетоваға 1980-жыллардағы қарақалпақ романында характер мәселесин, Ж.Қаниязоваға Ш.Сейтовтың «Халқабад» роман-тетрологиясында характер жаратыў шеберлиги проблемасын, З.Бекбергеноваға 1980-2010-жыллардағы қарақалпақ романларында көркем сөз поэтикасы айрықшалығын диссертация темалары сыпатында усынады. Нәтийжеде шәкиртлериниң тынымсыз мийнетлери, устаздың терең илимий мәсләҳәтлери нәтийжесинде оның 3 шәкирти де диссертацияларын табыслы түрде жақлап, жоқары оқыў орынлары менен Илимлер Академиясында пидәкерлик пенен мийнет етпекте. Демек, устаз-әдебиятшының қәнигели илимий хызметлери себепли роман жанрын изертлеў бойынша қарақалпақ әдебияттаныў илиминде белгили бир әдебий мектеп қәлиплесиўине тийкар салынғандай сезиледи. Буның үстине усы қатарлардың авторына да устаз-әдебиятшы 1970-2000-жыллардағы қарақалпақ романында сюжет, конфликт ҳәм композиция мәселелерин, изертлеўши Г.Бегмуратоваға ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ романшылығында фольклоризмлердиң өзиншеллигин изертлеўди тапсырыўы оның ҳәзирги заман қарақалпақ романы өз раўажланыўының жоқары дәрежесине жеткенлигин терең аңлағанынан дәрек береди. Демек, буның ҳәммеси қарақалпақ әдебияттаныў илиминде Қ.Жәримбетов әдебий мектебиниң қәлиплескенлиги ҳаққындағы пикиримиздиң дурыслығын және бир мәрте тастыйықлайды.

Устаз-әдебиятшының 1980-жыллардағы қарақалпақ повесть жанрының әҳмийетине де дыққат қаратыўы оның және бир шәкирти Ж.Сагидуллаеваға «1980-жыллардағы қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер» деген теманы изертлеўди тапсырыўына негиз болған болыўы керек. Өйткени бул жанрдың усы дәўирде өсип-өркенлеўи оны изертлеўдиң илимий-теориялық ҳәм әмелий әҳмийетин келтирип шығарған болса тәәжип емес. Нәтийжеде бул шәкирти де 2010-жылы өз диссертациясын табыслы жақлап, илимге мүнәсип үлес қосты.

Устаз-әдебиятшының илимий мийнетлери жанрлық жақтан рәңбе-рәң. Оның илимий ғәзийнесинде әпиўайы илимий тезистен баслап баянатлар, проблемалық мақалалар, рецензиялар, брошюралар, илимий очерклер, диссертациялар, монографиялар, илимий сәўбетлер ҳәм тағы басқалар бар.

Илимпаз улыўма билим бериў мектеплеринде, колледжлерде қарақалпақ әдебияты бойынша сабақлықларды дәўир талабына сай таярлаўға да өз үлесин қоспақта. Ол мектеп сабақлығының оқыўшылардың жас өзгешелигине, пикирлеў уқыбына сай ықшам ҳәм олардың билим дәрежесине муўапық етип жазылыўының тәрептары. Бул бағдарда С.Ахметов, К.Мәмбетовлар тәрепинен таярланылған қарақалпақ мектеплериниң 10-класс оқыўшылары ушын «Қарақалпақ әдебияты» сабақлығын пүткиллей қайта ислейди. Ол сабақлықты ҳәзирги заман билимлендириў стандартына сай етип баспаға қайта таярлайды. Мәселен сабақлықтың Күнхожа, Бердақ, Өтеш, әсиресе, Әжинияз дөретиўшилигине байланыслы бөлимлери пүткиллей қайта жазылған десе де болады. Нәтийжеде бул сабақлық ҳәзир де мектептеги оқыў процессинде пайдаланылмақта. Сондай-ақ устаз-әдебиятшының «Қарақалпақ әдебияты» (кәсип-өнер колледжлери ушын сабақлық, Нөкис. 2007. Қ.Оразымбетов пенен биргеликте), «Қарақалпақ әдебияты» (кәсип-өнер колледжлери қарақалпақ емес аудиториялары ушын сабақлық, Нөкис. 2010. Қ.Оразымбетов пенен биргеликте) сабақлықлары оқыўшылардың ең жақсы оқыў қуралларына айланды.

Устаз-әдебиятшы кәсиплеслерине, шәкиртлерине илимий мәсләҳәт бериўден шаршамайды. Оның устазлық, ағалық сөзлерин, руўхландырыўшы пикирлерин мениң өзим де тыңлағанман, ҳәзир де тыңлап келемен. Өйткени бул ҳүрметли инсанның үгит-нәсиятлары, ақыл-кеңеслери илимниң тикенекли соқпағынан өзиме дурыс жол табыўыма үлкен жәрдем болғанлығын елеге дейин үлкен қанаатланыўшылық пенен еслеп тураман. Мәселен, мениң Россия Илимлер академиясы М.Горький атындағы Жәҳән әдебияты институтында дәслеп стажировкада болған, кейин усы институттың аспирантурасында оқыған ўақытларым өзим ушын да, шаңарақ ағзаларым ушын да аңсат болған жоқ. Бир жағынан, илимде дурыс жол табыўдың қыйыншылығы, екинши жағынан, изи үзилмейтуғын турмыс тәшўишлери, үшинши жағынан, пүткиллей бийтаныс Москва қаласы орталығына үйренисиўдиң машақатлары-ҳәммеси қосылып, мени ҳәр тәреплеме қысқыға алар, ҳәтте албыратар еди. Әне, усындай ўақытта Қурбанбай ағаның кәтқудалығы, ағалық нәсиятлары мениң белиме белбеў буўғандай, менде ўақтынша қыйыншылықларды жеңиўге деген қайтпас ерк пайда болыўына түртки болғандай болды. Өйткени, ол ҳүрметли инсанның мени өз ўақтында қоллап-қуўатлап турыўы, бундай үлкен илим орталығына араласып дурыс ислегенимди ҳәр дем алысқа келген сайын ядыма салып, бундай имканияттың ҳәммеге де несип ете бермейтуғынлығын еслетип турыўлары маған үлкен мәдет болды десем, асыра силтеўшилик болмас. Жумысымды өз ўақтында питкерип, оны жақлаўға алып шығыў ўақтында да устаз-әдебиятшының үлкен жәрдеми тийгенин айтып өтиўим керек. Мәселен диссертацияны жақлаў барысында сыртқы мәкеме сыпатында Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университети бекитилген еди. Усыған тийисли ҳүжжетлерди, рәсмий қағазларды өз ўақтында сапалы етип таярлаўда ағаның хызмети үлкен болды.

Қурбанбай аға-үлгили шаңарақ атасы. Ол мектепте қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў бойынша тәжирийбели қәниге, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан билимлендириўиниң ағласы, республикаға белгили муғаллим Жумагүл Уматова менен үш ул ҳәм үш қызды тәрбиялады, олардан бир-биринен сүйкимли ақлықлар көрди. Ул-қызларының ҳәммеси жоқары мағлыўматлы. Үлкен қызы ата жолын қуўып рус тили ҳәм әдебияты факулътетин питкерип, ҳәзир шаңарағы менен Ташкент қаласында жасап мийнет етпекте. Оннан кишкенеси Ерполат Бердақ атындағы ҚМУ қарақалпақ филологиясы факультетинде журналистика қәнигелиги бойынша талабаларға тәлим бермекте. Алтынай исмли қызының табысы ҳәммесинен де зор. Ол инглис тилин жетик меңгерген қәниге, Өзбекистан Жәҳән тиллери институтының «Магистратура» бағдарының дипломын алып, ҳәзирги ўақытта «Шегарасыз шыпакерлер» халықаралық шөлкеми линиясы бойынша шет мәмлекетлерде жумысын даўам етпекте. Жақсы нийет пенен шайыр бабасының исмин алып жүрген Аббаз қарақалпақ филологиясы факулътетинде әдебияттан талабаларға сабақ бермекте. Толғанай республикамыздағы абыройлы баспасөз органы болған «Еркин Қарақалпақстан» газетасының хызметкери. Ең генже улы Әжинияз «Сахрадағы екинши Лувр» аты менен дүньяға белгили И.В.Савицкий атындағы сүўретшилик музейинде хызмет етпекте. Қулласы устаз-әдебиятшы ҳәм атақлы педагогтың ул-қызлары ата-анасының жақсы тәрбиясына ылайық мийнет етип, жәмийетимизге пайда келтирмекте.

Қ.Жәримбетовтың илимдеги ҳәм жаслар тәрбиясындағы пидәкерлик мийнетлери ҳүкиметимиз тәрепнен жоқары баҳаланып, оған 2011-жылы «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» атағы берилди.

XXI әсирдиң екинши он жыллығы да жуўмақланып бармақта. Әдебий мийрасымызды руўхый дүньямыздың байлығына айландырыўда, оны дәўир талабына сай изертлеўде, жасларды озық ойлы жетик инсанлар етип тәрбиялаўда үлкен эрудицияға, терең билимге, бай тәжирийбеге ийе устазымыздың тутқан орны, қәдири бурынғыдан да артпақта. Усы көзқарастан биз мақаламызды сүйикли шайырымыз

Бердақтың «Ақылы кәмил, илими зор»—деген қатарлары менен баслағанымыздың мәнис-мағанасын зийрек оқыўшының өзи-ақ түсинип алған болса керек. Өйткени жасларды ақылы кәмил, илими зор әўлад етип тәрбиялаўдың зәрүрлигин Президентимиз Ш.М.Мирзиёев өз сөзлеринде қайта-қайта атап өтпекте. Бул жолда Қурбанбай аға сыяқлы пидайы, өз исиниң маманы, көрнекли алым дәрежесине жетискен устазлардың ибратлы өмир жолынан жас әўладтың алары көп екенлигине исенимимиз мол.

Биз юбилярға терең ден-саўлық, үлкен күш-ғайрат, илимий-педагогикалық жумысларында табыслар, шаңарағына аманлық тилеп қаламыз.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:


*1. Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972;*

*2. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987;*

*3. Жәримбетов Қ. Каракалпакская советская поэзия периода Великой отечественной войны. 1941-1945 гг. Нукус: изд.НГУ. 1982;*

*4. Жәримбетов Қ. Миф о Прометее в современной литературе//Творческая индвидуальность писателя и литературный процесс. Нукус. «изд. КГУ», 1992;*

*5. Жәримбетов Қ. Сынасаң сынып кетежақ (Қ.Оразымбетов пенен биргеликте) //«Әмиўдәрья», 2007, №4;*

*6. Жәримбетов Қ. Зийўар шайыр көкнарды жырлаған ба?// «Еркин Қарақалпақстан», 1997, 23-июль;*

*7. Жәримбетов Қ. Отлы жүректен отлы сөз (Г.Матякубова менен әдебий сәўбет) //«Қарақалпақ әдебияты», 2011, №11-12;*

*8. Жәримбетов Қ. Дәстан, тарийх, драма (К.Алламбергеновтың Әмир Темур ҳәм Ер Едиге (Уллы атланыс)» тарийхый музыкалы драмасын оқығанда туўылған гейпара ойлар) //«Қарақалпақ әдебияты», 2017, №7;*

*9. Жәримбетов Қ. Қараөзекке қайтпағаның жақсы болған екен//«Еркин Қарақалпақстан», 2014, май.*

*10. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар (Әжинияздың ашықлық лирикасының жанрлық өзгешеликлери, образлар дүньясы). Нөкис: «Билим», 1998;*

*11.Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис: «Билим», 2004.*

*12. Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'wdan sabaqlar. No'kis: «Qaraqalpaqstan», 2012.*

*13. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис: «Қарақалпақстсн», 1995.*